WIKIPÉDIA

Basa Kutai

Basa Kutai	
Asal	Indonésia
Laladan	Kalimantan Wétan (Indonésia)
Panyatur asli	500.000 (*tanpa surya*)
Kulawarga basa	Austronésia ▪ Melayu-Polinésia ▪ Melayu-Sumbawa ▪ Melayu-Sumbawa Lor lan Wétan ▪ Melayik ▪ Melayu ▪ **Basa Kutai**
Aksara	Latin, Jawi
Kodhe basa	
ISO 639-1	-
ISO 639-2	-
ISO 639-3	Either: vkt (http://www-01.sil.org/iso639-3/documentation.asp?id=vkt) – Kutai Tenggarong mqg (http://www-01.sil.org/iso639-3/documentation.asp?id=mqg) – Kutai Kota Bangun

Basa Kutay (Ind: Bahasa Kutai) ya iku basa kang kegolong basa Malayik (basa Malayuwangsa) atawa carabasa Melayu lan dituturaken karong wong Kutai ning Provinsi Kalimantan Wétan. Miturut *Monografi Daerah Kabupatén Kutai* (1968:2)[1]. Tembung "kutay" asalé sing basa Cina kho dan thai kang tegesé nagara gedhé[2]. Miturut pangira-irané, ana ing urip padinan wong Kalimantan Wétan iku nganggo basa Melayu minangka basa antara atawa lingua franca. Basa melayu ngembang ning Kutay toli (Ind: Kutai toli) diwanuh minangka basa Kutai. Nganti saiki durung bisa dikira-kira kapan basa Melayu awit dienggo ning wewengkon iki amarga durung ana panalitèn atawa pituduh bab iku. Basa iki uga kanggo basa kandhawara (Ind: komunikasi) antaraning wong Banjar, Dayak, Kutay lan wong anyar ning Tênggarong lan ulu Mahakam (Ind: hulu Mahakam) (Fudiat et.al, 1978:17)[1]. Miturut *Ethnologue*, basa Kutay ana rong carabasa yaiku carabasa Kutay Tênggarong lan carabasa Kotah Bangun (Ind: Kota Bangun)[3][4].

Penelitan jaman Welanda

Penelitian bab basa Kutai wis ana sing awit jaman Welanda. Ya iku ana CA. Mees kang wis nulis disertasi dumasar sastra tulis Kutai sesirahé *De Kroniek van Koetei*. Disertasi iki ngemot pratélan tembung basa Kutai. Disertasi iku ditinjau déning W. Kern. TBG (1937). H. Witkamp ning karanganė *Een Bezoek aan eenige Oudheden in Koetei TNAG* (1914) ngrembug dhialek Muara Ancalung lan nyatet 75 tembung dhialék iku. Ning karanganė kang séjén *De Kedang Rantau (OBomeo) TNAG* (1928) Witkamp ngrembug gegayutan antara dhialék Bendang lan dhialék Pantun. S.C. Knappert nulis *Beschrijving van de Onderafdeeling Koetei* kemot ning BKI 58 (1905). Ning gancarané iku, liyané nulis basa-basa, Witkamp ngrembug sedurungé ana keding bahas dhialèk Melayu Kutai lan pratélan tembung basa Jawa ning basa Kutai[1].

Conto tembung

Basa Jawa Cerbon	Basa Banjar	Basa Kutai Tenggarong	Basa Kutai Kota Bangun
Adus	Mandi	Mendi (Melusu)	Mendi
Dalan	Jalan	Jelan	Jelan
Getih	Darah	Derah	Derah
Kelambi	Baju	Beju	Beju
Dukun	Balian	Belian	Belian
Basa	Bahasa	Bahasa	Behesa
Becik	Baik	Beik	Beik

Rujukan

1. Suryadikara, Fudiat; Ibrahim, Sjahrial SAR; Lambut, M. P (1984). *MORFOLOGI DAN SINTAKSIS BAHASA KUTAI*. Jakarta: PUSAT PEMBINAAN DAN PENGEMBANGAN BAHASA DEPARTEMEN PENDIDIKAN DAN KEBUDAYAAN.
2. Suryadikara, Fudiat; Kawi, Djantera; Dursid, Durdje; Ismail, Abdurachman (1979). *Bahasa Kutai*. Jakarta: Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa Departemen Pendidikan dan Kebudayaan. k. 1.
3. "Malay, Kota Bangun Kutai" (https://www.ethnologue.com/language/mqg/20). Dijupuk September 25, 2017.
4. "Malay, Tenggarong Kutai" (https://www.ethnologue.com/language/vkt/20). Dijupuk September 25, 2017.